

## AVI POU SEKRÈ ENFÒMASYON PRIVE

### AVI SA A DEKRI KIJAN NOU KA ITILIZE MEDIKAL OU AK ENFÒMASYON OU ANRAPÒ AVÈK DWÒG AK ALKÒL, AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.

#### Enfòmasyon Jeneral

Enfòmasyon sou tretman ou ak sou swen sante ou, tankou peman pou swen sante ou pwoteje nan de (2) lwa federal: Lwa 1996 sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante (“HIPAA”) ak Lwa sou Sekrè Enfòmasyon\*\*. Anba lwa sa yo, pwogram nan ka pa fè yon moun ki pa nan pwogram nan konnen si w ap patisipe nan pwogram nan, ni pwogram nan pa ka divilge okenn enfòmasyon k ap idantifye ou kòm yon moun ki fè abi alkòl oswa dwòg, oswa pwogram nan ka pa divilge okenn lòt enfòmasyon pwoteje sof jan lwa federal ki endike anba la yo bay pèmasyon pou sa.

Pwogram nan dwe jwenn konsantman ou alekri anvan li kapab divilge enfòmasyon sou ou pou rezon peman. Pa egzanp, pwogram nan dwe jwenn konsantman ou alekri anvan li kapab divilge enfòmasyon ou yo ba konpayi asirans ou pou li kapab resevwa peman pou sèvis yo. Anjeneral, ou dwe siyen yon konsantman alekri tou anvan pwogram nan kapab divilge enfòmasyon yo pou rezon tretman oswa pou fonksyonman swen sante a. Men, lwa federal bay pwogram nan pèmasyon pou divilge enfòmasyon yo nan sikonstans ki anba la yo san pèmasyon ou alekri:

1. Ba anplwaye pwogram nan pou bay tretman epi pou konsève dosye klinik;
2. Dapre yon akò avèk yon asosye biznis lan (pa egzanp, laboratwa klinik, famasi, sèvis estokaj dosye, sèvis faktirasyon);
3. Pou rechèch, verifikasyon oswa evalyasyon (pa egzanp revizyon lisans Eta, kalifikasyon, rapòtaj done pwogram nan jan gouvènman Eta a ak/oswa gouvènman federal egzije sa);
4. Pou rapòte yon krim ki fèt nan lokal pwogram nan oswa kont anplwaye pwogram nan;
5. Ba anplwaye medikal nan yon ijans medikal/sikyatrik;
6. Ba otorite konpetan pou rapòte abi oswa neglijan yo fè sou timoun;
7. Pou rapòte sèten maladi enfektye jan lwa eta a egzije sa;
8. Jan yon lòd tribinal pèmèt sa.

Anvan pwogram nan kapab itilize oswa divilge nenpòt enfòmasyon sou sante ou nan yon manyè ki pa dekri anwo a, li dwe jwenn konsantman alekri ou anvan pou pèmèt li divilge enfòmasyon yo. Ou ka anile nenpòt konsantman ekri depi ou bay yon lèt pou sa. (NOT: Si ou anile yon konsantman pou divilge enfòmasyon yo ba yon tribinal, depatman pwobasyon, biwo libète sou kondisyon, elatriye, ou ka vyole yon akò ou genyen avèk òganizasyon sa a. Yon vyolasyon konsa ka lakòz konsekans legal pou ou.

\* 42 U.S.C. § 130d et. seq., 45 C.F.R. Pati 160 ak 164

\*\* 42 U.S.C. § 290dd-2, Pati 2 nan 42 C.F.R.

## **AVI SOU SEKRÈ ENFÒMASYON PRIVE**

### **Dwa Ou yo**

- Dapre HIPAA, ou dwe dwa pou mande pou gen restriksyon sou sèten itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante ou ak sou tretman ou. Pwogram nan pa gen obligasyon pou dakò avèk nenpòt restriksyon ou mande, men si li dakò avèk yo, l ap respekte akò a epi li ka pa itilize oswa divilge nenpòt enfòmasyon ou mete restriksyon sou yo, sof si li nesèsè nan yon ijans medikal.
- Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou nan lòt mwayen oswa nan yon lòt kote (pa egzanp, yon lòt adrès). Pwogram nan ap satisfè demann ki rezonab, epi li p ap mande ou pou bay okenn eksplikasyon.
- Anba HIPAA, ou gen dwa tou pou fè enspeksyon ak kopi enfòmasyon sou sante ou ak enfòmasyon sou tretman ou nou konsève nan pwogram nan, sof nan limit enfòmasyon yo gen nòt sikoterapi oswa enfòmasyon ki rasanble pou itilize nan yon pwosedi sivil, kriminel oswa administratif oswa nan lòt sikonstans limite.
- Anba HIPAA, ou gen dwa tou, avèk kèk eksepsyon, pou fè amannman nan enfòmasyon sou swen sante ou ki konsève nan dosye nou pou pwogram nan, epitou ou gen dwa pou mande ak resevwa yon kontrandi divilgasyon pwogram nan fè avèk enfòmasyon sou swen sante ou pandan sis (6) ane anvan demann ou.
- Si ou jwenn refi pou demann ou pou nenpòt sa ki endike anwo a, ou gen dwa pou mande pou Administratè pwogram nan revize refi a.
- Pou fè nenpòt nan demann ki endike anwo a, ou dwe ranpli fòm apwopriye pwogram nan ap ba ou.
- Ou gen dwa tou pou resevwa yon kopi avi sa a sou papyè.

### **Itilizasyon Enfòmasyon Ou yo nan pwogram nan**

Pou nou kapab ba ou pi swen sante a, pwogram nan ap itilize enfòmasyon sou sante ou ak tretman ou nan fason ki endike anba la yo:

- Kominikasyon pami anplwaye pwogram nan (tankou etidyan oswa lòt estajyè) pou bezwen tretman, planifikasyon tretman, rapòtaj pwogrè ak revizyon, sipèvizyon anplwaye, rapòtaj ensidan, administrasyon medikaman, operasyon faktirasyon, konsèvasyon dosye medikal, planifikasyon egzeyat, ak lòt pwosesis ki asosye avèk tretman.
- Kominikasyon avèk Asosye Biznis tankou laboratwa klinik (tès san, analiz pipi), sèvis manje (bezwen dyetetik espesyal), ajans ki bay sèvis anplas (konferans, terapi an gwoup) konsèvasyon dosye alontèm.
- Rapòtaj done nan Sistèm Done Kliyan OASAS Eta New York.

### **Responsablite Pwogram nan**

Pwogram nan gen egzijans dapre lalwa pou kenbe sekre enfòmasyon sou sante ou, epi pou ba ou avi sou responsablite legal li yo ak pratik sekre enfòmasyon prive anrapò avèk enfòmasyon sou sante ou. Pwogram nan gen obligasyon dapre lalwa pou respekte kondisyon avi sa a. Pwogram nan gen dwa pou chanje kondisyon avi sa a, epi pou fè nouvo dispozisyon avi a kòmanse pou tout enfòmasyon pwoteje li konsève sou sante. Pwogram nan ap bay pasyan li genyen nan moman an dènye avi a, epi l ap bay ansyen pasyan ki konsène yo nouvo avi yo lè gen anpil chanjman enpòtan ki fèt nan avi a.

## **AVI SOU SEKRÈ ENFÒMASYON PRIVE**

### **Plent ak Rapòtaj Vyolasyon**

Pasyan yo gen dwa pou pote yon plent konsènan Sekrè Enfòmasyon Prive yo ak Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon sou Sante yo. Pasyan an ka ranpli yon fòm Plent pou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive (sou lòt bò fòm sa a), epi li ka soumèt fòm nan ba:

- Administratè ATC;
- Bureau of Addictions Treatment Centers, 1450 Western Avenue, Albany, NY 12203; oswa
- Ofisyèl OASAS pou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive., 1450 Western Avenue, Albany, NY 12203.

Yon moun apwopriye ap evalye plent lan, selon kalite plent lan. Moun sa a ap ranpli fòm Rezolisyon Plent pou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive. L ap voye kopi yo ba Ofisyèl OASAS pou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive, 1450 Western Avenue, Albany, NY 12203.

Pasyan an ka anrejistre yon plent tou nan:

Office for Civil Rights  
U.S. Department of Health and Human Services,  
Jacob Javits Federal Building  
26 Federal Plaza, Sal # 3313  
New York, New York, 10278

Telefòn pou rele (212) 264-3313.  
FAKS (212) 264-3039.  
TDD (212) 264-2355  
Liy Dirèk-Vwa OCR: 1-800-368-1019

### **Nou p ap fè vanjans kont ou poutèt ou fè yon plent.**

Si pwogram nan vyole lwa sou Sekrè Enfòmasyon yo, sa ap reprezante yon krim. Ou ka rapòte vyolasyon Lwa sou Sekrè Enfòmasyon ou sispèk ba Pwokirè Etazini ki nan distri kote vyolasyon an fèt la.

**Dat li anvigè: 14 avril 2003**

**AVI SOU SEKRE ENFOMASYON PRIVE**

Mwen, \_\_\_\_\_ resevwa yon kopi Avi sou Sekre Enfòmasyon an, epi yo eksplike mwen sa li ye.

---

Siyati

Dat la

---

Siyati Paran/Responsab Legal (si li nesèsè)

Dat la